

6 Pwogram Sèvis Agrandi nan Kay pou Moun Aje (Expanded In-Home Services for the Elderly Program, EISEP) oswa Sèvis nan Kominote pou Moun Aje (Community Services for the Elderly, CSE)

Akò Kliyan an

Non Kliyan an oswa Kliyan yo: _____

Ajans Founisè EISEP: _____

Ajans Zòn nan Pou Moun Aje _____

Peryòd Akò sa a Kouvri: _____ jiska _____

A. Akò - San Kotizasyon

Tcheke ti bwat la si seksyon sa a fè pati akò a.

Mwen rekonèt, dapre enfòmasyon mwen bay yo, mwen pa gen obligasyon pou peye yon frè pou sèvis EISEP anba Pwogram Sèvis Agrandi nan Kay pou Moun Aje a (Expanded In-Home Services for the Elderly Program, EISEP) oswa sèvis tankou EISEP anba pwogram Sèvis Kominotè pou Moun Aje (Community Services for the Elderly, CSE) pou peryòd ki kouvri nan akò sa a.

B. Akò - San Kotizasyon

Tcheke ti bwat la si seksyon sa a fè pati akò a.

Mwen dakò pou peye yon frè pou sèvis, machandiz ak / oswa atik mwen resevwa anba EISEP ak / oswa CSE pou peryòd ki kouvri nan akò sa a. Frè sa a p ap depase _____% frè pou sèvis mwen resevwa nan yon mwa oswa \$_____, kèlkeswa sa ki pi piti a. Sa pa gen ladan frè pou jesyon dosye, ki gratis.

Frè estime mwen pral peye chak mwa a se \$_____, ki baze sou sèvis, machandiz ak/oswa atik mwen resevwa nan EISEP ak/oswa CSE. Men, yo p ap fè mwen peye pou okenn sèvis mwen pa resevwa toutbon, oswa pou sèvis mwen te resevwa avan detèminasyon kotizasyon mwen an.

Mwen konprann mwen pral resevwa _____ inite nan kay, _____ inite relèv ki pa nan yon sant ak _____ inite sèvis oksilyè.

C. Akò – Kotizasyon pou Kliyan Medicaid Potansyèl

Tcheke ti
bwat la si
seksyon sa
a fè pati
akò a.

Mwen rekonèt sanble mwen kalifye pou Medicaid epitou mwen rekonèt mwen dwe aplike pou Medicaid. Pandan metòd aplikasyon ak detèminasyon Medicaid, mwen mande pou yo ban mwen sèvis EISEP ak/oswa CSE, jan sa endike nan plan swen mwen.

Pandan y ap detèmine si mwen kalifye pou Medicaid, mwen rekonèt mwen responsab pou peye frè pou sèvis sa yo pou \$ _____ pa mwa pou peryòd ki konsène nan Akò sa a. Men, yo p ap fè mwen peye pou okenn sèvis mwen pa resevwa toutbon, oswa pou sèvis mwen te resevwa avan detèminasyon kotizasyon mwen an. Mwen rekonèt si yo jwenn mwen kalifye pou Medicaid, Medicaid ap peye pou menm kalite sèvis yo lakay mwen. Nan moman sa a lè mwen kòmanse resevwa sèvis nan kay anba Medicaid, mwen konprann ke mwen p ap oblije peye yon kotizasyon pou sèvis mwen resevwa lakay mwen anba EISEP / CSE epi akò sa a ap fini. Sizoka mwen ta vin kalifye pou sèvis ak sipò EISEP / CSE ki pa fè pati sa Medicaid garanti, mwen ka re-aplike pou EISEP / CSE epi y ap redije yon nouvo akò selon revni mwen, depans lojman mwen, ak sitiasyon m ap viv. Si li nesesè, nouvo akò sa a ka gen ladan yon kotizasyon frè pou mwen peye pou peryòd akò sa a.

D. Akò – Peyè Tout Frè a, Okenn Enfòmasyon Finansye

Tcheke ti
bwat la si
seksyon sa
a fè pati
akò a.

Mwen pa vle bay enfòmasyon ki obligatwa pou fòm sa a. Mwen kwè revni ak resous mwen lakòz mwen pa kalifye pou resevwa sèvis sanblab nan kay oswa sèvis jesyon dosye avèk Medicaid oswa avèk nenpòt lòt pwogram gouvènman. Mwen rekonèt si mwen refize, mwen pa kalifye pou resevwa èd ak kotizasyon frè pou peye avèk EISEP ak/oswa CSE. Mwen chwazi pou resevwa sèvis mwen kalifye pou resevwa dapre akò sa a epi pou mwen peye tout frè sèvis yo, \$ _____ pa mwa, pou peryòd ki konsène nan akò sa a. Men, yo p ap fè mwen peye pou okenn sèvis mwen pa resevwa yo, oswa pou sèvis mwen te resevwa avan detèminasyon kotizasyon mwen an.

Mwen rekonèt mwen ta dwe deside bay tout enfòmasyon yo mande mwen sou fòm sa a, mwen gen okazyon pou mande ak resevwa re-detèminasyon kantite lajan frè mwen gen obligasyon pou peye a. Pou mande sa, mwen pral Kowòdonatè Dosye

mwen an. Yon re-detèminasyon avèk seksyon sa a dwe anvigè pa anvan dat nouvo akò a.

E. Konfimasyon Enfòmasyon Finansye

Mwen menm, _____, konfime enfòmasyon mwen bay nan pou sèvis EISEP ak/oswa CSE yo se enfòmasyon ki vrè ak kòrèk dapre tout sa mwen konnen. Mwen dakò yo ka tcheke enfòmasyon sa yo kòm nesèsè. Mwen rekonèt si mwen fè espere pou bay fo deklarasyon oswa fo enfòmasyon anrapò avèk evalyasyon finansye sa a, sa ka lakòz mwen pa kalifye pou sèvis yo.

Mwen rekonèt chanjman k ap gen pidevan kalite oswa kantite sèvis mwen resevwa, nan revni mwen, depans mwen, aranjman pou mwen viv, oswa depans medikal mwen, sa kapab afekte akò sa a. Mwen dakò pou mete Kowòdonatè Dosye mwen okouran si nenpòt nan chanjman sa yo ta rive. Mwen rekonèt si chanjman yo fèt, yo ka re-kalkile kotizasyon mwen nan frè yo nan moman chanjman an. Si mwen peye lajan anplis, Ajans Zòn nan ap ranbouse mwen tout lajan mwen peye anplis la. Si mwen peye mwens lajan, m ap peye kantite lajan mwen dwe a. Si yo jwenn yon erè, mwen rekonèt yo ka re-kalkile kotizasyon mwen nan frè yo nan moman sèvis yo te kòmanse.

Yo ban mwen tout enfòmasyon sou règleman ak pwosedi pou peye kotizasyon mwen epitou mwen rekonèt si mwen pa peye kotizasyon mwen yo sa ka lakòz yo retire mwen nan pwogram nan epi mwen p ap kalifye pou resevwa sèvis an EISEP ak/oswa CSE toutotan yo pa resevwa peman kotizasyon mwen dwe yo.

F. Plan Peman, Pratik pou Faktirasyon, Pwosedi pou Peman

Mwen dakò ak plan peman pratik pou faktirasyon, ak pwosedi peman ajans la, epi mwen rekonèt yo ta bay mwen yo kopi ansanm ak Akò sa a.

G. Dwa Kliyan an

Yo ban mwen enfòmasyon alekri sou dwa mwen avèk EISEP ak/oswa CSE. Sa gen ladan tout dwa mwen ka gen pou mande yon odyans ak dwa mwen pou konteste montan kotizasyon mwen Ajans Zòn nan Pou Moun Aje te evalye.

